# МКОУ «Краснооктябрьская СОШ им.Р.Гамзатова»

Открытый урок по родному языку

## Тема:

## Лъабабилеб гъумералъул цIарубакIал.





**Провела учитель родного языка и литературы:**

**Абдулгаджиева К.И.**

Scanned by TapScanner

**Тема:** Лъабабилеб гьумералъул цIарубакIал.

**Мурад:** ЦIарубакI каламалъул бутIа хIисабалда такрар гьаби;каламалъулъ тIоцебесеб,кIиабилеб,

лъабабилеб гьумералъул цIарубакIал ритIун хIалтIизаризе ругьун гьари.

Дарсил ин.

**1.Дарсиде хIадурлъи.**

-Лъимал гьале нилъер дарсиде рачIун руго гьалбал.РачIа нилъеца гьел къабул гьаризе «РорчIами».

-Жакъа буго нилъер авар мацIалъул рагьараб дарс.Авар мацI гьеб кколаха нилъер магIарул мацI-рахьдал мацI.

Халкъияв шагIир Расул ХIамзатовас жиндирго «МагIарул мацI» абураб кочIолъ хъван буго нилъеца нилъерго мацIалъул гьабизе кколеб къимат къадруялъул хIакъалъулъ.

РакIалде щвезаризейин гьел кочIол мухъал:

Мун дир гIумруялъул нухлул ахалъи

Мун дир гIумруялъул нухлул тIаралъи;

Мун гьечIони, дие кIваричIо бакъ-моцI,

Мун гьечIони, дие кIваричIо гIумру.

Гьаб магIна гъваридаб кечIалда хадуб рачIа нилъеца ракI- ракIалъ кIвар кьезе рахьдал мацIалде.

-Хъвай тетратазда жакъасеб къо-моцI

-РакIал диктант: Мун дир чорхол рухIел,каранзул бухIи,

Дир угьулеб хIухьел,дир рекIел чIухIи.(взаимопроверка цIарубакIал рате ва гъоркь

хIучч цIай).

**2.Карточки.**

Scanned by TapScanner




**3.Калам цебетIезаби.** (Слайд2)
Лъималазда цIализабила.
-Кин кколеб гьал кочIол мухъал нилъеда дандчIван рукIаралищ?(РукIана).
-Щиб кечIалдаса росун ругел гьел рагIаби?(Дир Дагъистан).
-Щив шагIирасул рагIаби гьел кколел?(Р.ХIамзатовасул).
-Лъимал нилъеца цIалулел кочIол мухъал,рицунел маргьаби,цIалулеб хабар щиб кколеб? (Калам).
-Сундаса гIуцIун бугеб калам?(Каламалъул бутIабаздасан).
-Кинал каламалъул бутIаби нилъеда лъалел?( Пред.цIар,прил.,глагол,цIарубакI,рикIкIен).

-Кинаб каламалъул бутIаялъул бицун букIараб нилъеца ахириял дарсазда?(ЦIарубакIалъул).

-ЦIарубакI сунда абулеб?(Предметиял цIаралги абичIого,предметал рихьизарулел рагIабазда).

-Р.ХIамзатовасул гьаб кечIалда дандчIваралищ нилъеда цIарубакIал?(ЧIвана).

-Рате цIарубакIал(мун,дир,дие).

-Лъимал нилъеда лъала цIарубакIазул букIуна щиб? (Гьумер).

-Чан гьумер букIунеб цIарубакIалъул?(Лъабго).

-Гьезул кина-кинаб гьумералъул нилъеца бицараб?(1,2 гьумералъул).

-ТIоцебесеб гьумералъул цIарубакIаз щал рихьизарулел?(1 гьум. цIарубакIаз жал кIалъалел рихьизарула:дун,ниж,нилъ).

-КIиабилеб гьум.цIарубакIаз щал рихьизарулел?( 2 гьум. цIар. Жидедехун кIалъалел рихьизарула:мун,нуж).

-Гьале лъимал нилъеца такрар гьаруна тIоцебесеб ва кIиабилеб гьумералъул цIарубакIал.

Scanned by TapScanner




**4.ЦIияб дарсиде рачIин.**

Жакъа нилъер дарсиде кумек гьарун вачIун вуго Малланасрудин.

-Гьесул билун буго хIама. Жибго хIамаги бихьун гьелъухъе нух бахъизе захIмалъарав Малланасрудинил къотIи ккун буго кумек гьарун нилъехъе вачIине.

-Гьес абулеб буго жинда гьал къватIалги лъаларин,къватIазул цIаралги кIочон тун ругин ,амма цIехедал цо пуланав чияс дида абунин:

-Гьал къватIазул цIарал цIарубакIаздалъун хисизарун ругин

-Мун айила лъабабилеб гьумералъул цIарубакIалккун

-Школаго бихьичIев, хъвазе цIализе лъаларев, гьесда лъабабилеб гьумерги гьелъул цIарубакIалги лъазего лъалел гьечIо.

-Гьале гьабизе жо тIагIарав, цIали-хъвай лъазабичIолъиялда ракI бакъварав гьев,кумек гьарун щвана нилъехъе

-КIолищ лъимал нилъеда Малланасрудиние кумек гьабизе?(КIоларо).

-Щай?(Щайгурелъул 3 гьум.цIар. нилъеца малъун гьечIелъул)

-Гьанже хадур гIунтIеха щиб нилъер жакъасеб цIияб дарсил цIар (3 гьум. цIар.).

Лъабабилеб гьумералъул цIарубакIаз жидер хIакъалъулъ бицен гьабулел рихьизарула.Лъабабилел гьумералъул цIарубакIал:гьел,гьей,гьеб,гьел.

-Гьанже гьабун лъикI гурищха нилъеца Малланасрудиние кумек

-Цойги нухалъ рикIкIе, лъимал .

Вохарав Малланасрудин кьурдулаго жиндирго хIамида хадув 3 гьум. цIарубакIалккун анила.

**5.ХIухьбахъиялъул минут (Физминутка).**

Scanned by TapScanner




КІухІалай нус (сценка).

Эбел: Гьале лъимги цІуна дица,жеги гьаб азбарги лъухьизе ккола,щарги чІвазе кола;

-Вай, свакан йиго дун,свакан!

Эмен:Щиб Айзанат,яхъун гьечІейищ гъой ПатІимат?

Эбел:ГьечІо, кьижун ятила гьей.

Мадугьал:Вай,йорчІами Айзанат! Щиб хІал бугеб? Кин йигей?

Эбел:Свакан йиго дун,свакан! Мунго кин йигей ПатІимат?

Мадугьал:Дун лъикІ йиго. Вай,дида рагІун букІанаха нужеца нус ячун йигилан.

Кийха гьей йигей,азбарго лъухьуларей?

Лъимги дуца босанин.

Эбел :Кьижун ятила гъарин,кьижун.Лъаларо йихьизего йихьуларо.

Мадугьал: Гьанже гьабилаха нилъеца гьелда яхІ ккезабулеб жо.

-Дуца жулги босун лъухье гьаб бакІ;

-Дуца бахъе;

Цинги балагьилин нилъ гьелъухъ.

Эбел: Гьабилаха нилъеца
Эмен:Кье,Айзанат,дихъе кье!
Нус: Щай нуж дагIбадулел?
Жакъа дуца лъухье,кIодо;
Метер дуца лъухье.Гьедин иргаялда лъухье.
Мадугьал: Вабабай! РагIизего рагIичIо,бихьизего бихьичIо,гьадигIан яхI гьечIел нусаби дида цониги нухалъ рихьун рукIинчIо.



\



**6.ТIехьгун хIалтIи.**

**7.Рефлексия.**

ЦIарубакIал гъорлъ ругел кицаби лъалищ лъимал нужеда? (Лъала)

-Дун,дие,дир дицайилан цIекIал рагIаби рицунге.

-Мунго дуцаго веццуге,цогияз веццизе те.

-Дуца чи кIодо гьавуни,цадахъ мунги кIодолъулев.

-Дуда цо лъала,царада кIиго лъала.

-Дуца кьечIони дуеги кьолареб,дуца гьабичIони дуеги гьабулареб.

**8.Дарсил хIасил гьаби.**

-Щиб цIияб жо лъараб жакъасеб дарсида?

-Щиб нужее захIмалъараб?

-Щиб нужее бищунго бокьараб?

-Кинаб настроениегун тIобитIараб дарс?

Къиматал кьун лъимал рази гьарила.

Къо-мех лъикI!

Scanned by TapScanner